



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS Help Center

Si W Te Resevwa yon Sitasyon Epi Yo Te Pran Afè W

Èske Yo Te Pran Afè W?:

Lè yo voye sèten sitasyon, otorite yo gen dwa pran afè w tou, tankou machin ou, charyo mobil ou oswa kamyon w pou vann manje, bisiklèt elektwonik ou oswa eskoutè a motè w. Nan ka sa yo, gen yon pwosesis pou suiv pou rejwenn afè w.

Ou Gendwa Konteste Sitasyon an:

Ou gen dwa pou w gen yon “odyans rapid” pou konteste sitasyon ou te resevwa a. Sa vle di ou ka gen yon odyans anvan dat odyans ki enprime sou sitasyon w lan.

1. **Pou jwenn yon odyans rapid, ou dwe kontakte OATH** nan nimewo telefòn (844) 628-4692 oswa nan imèl ClerksOffice@oath.nyc.gov.
2. OATH ap fè w konn dat ak lè odyans rapid la (nòmalman nan yon delè 72 èdtan apati de lè yo resevwa demann nan). Pou sèten enfraksyon, polisye ki te bay sitasyon an ap parèt nan odyans la.
3. Yon ti tan apre odyans la, w ap resevwa yon desizyon nan men yon Ajan Odyans OATH k ap deside si sitasyon w lan dwe “Anile” oswa si pou yo jije “Ou te komèt enfrasyon an”.

Ou Gendwa Admèt Sitasyon an Epi Peye Amann nan:

Pou sèten sitasyon, ou gendwa gen opsyon pou w admèt enfraksyon an epi peye penalite ki endike sou sitasyon an san w pa bezwen gen odyans. Pou fè sa, w ap gen pou bay nimewo sitasyon w lan. Ou ka peye penalite a [sou entènèt](#), pa lapòs (w ap voye peman w lan pa lapòs pou: Finance Commissioner, City of New York, PO Box 4199, Church Street Station, New York, NY 10261-4199) oswa an pèsonn nan nenpòt lokal OATH. Pou kesyon sou peman yo oubyen pou pwoblèm planifikasyon, voye yon imèl pou clerksoffice@oath.nyc.gov.

Èske Gen Yon Moun Ki Ka Ede M Konprann Sitasyon Mwen Te Resevwa A(Yo)?

Wi, OATH gen yon Sant Èd ki gen Kowòdonatè Pwosedi Lajistis ki ka eksplike akizasyon yo, pwosedi odyans lan, penalite posib yo, ki etap pou suiv pou rejwenn afè w, kijan pou korije nenpòt enfraksyon, ak plis bagay toujou. Tanpri gade pi ba a pou jwenn enstriksyon pou kontakte Sant Èd la.

Èske Mwen Ka Rejwenn Afè M Nan?

Menmsi y ap remèt ou pifò afè w apre pwosesis ki pi ba a, gen sèten afè ki sèvi pou vann Vil la ap kenbe. Se Depatman Dwa Vil New York la (New York City Law Department) k ap pran desizyon sou remèt afè (gade etap 7 la pi ba a).

Si Afè M Nan Kalifye Pou Yo Remèt Li, Kijan Mwen Ka Rejwenn Afè M Nan?:

Lè yo ka remèt ou afè w la, men sa w ap bezwen:

1. Yon kopi desizyon OATH la ki anile enfraksyon an oswa ki jije ou “Komèt enfraksyon an.”
2. Yon resepsyon ki montre ou peye penalite a, si te genyen.
3. “Nimewo bòdwo” afè w la yo te pran an. (Pou jwenn li ou ka kontakte pòs polis ki te bay sitasyon an).
4. Yon pyès idantite w ki gen foto w ak adrès ou.
5. Prèv se ou ki mèt afè w la yo te pran an. Tanpri pran nòt, ou gendwa bezwen bay plis prèv si se yon lòt moun ki se mèt afè yo te pran nan men w lan.
6. Yon kopi sitasyon an.
7. **Pou machann yo:** Lè w fin jwenn lis dokiman sa yo ki pi wo a, voye pa imèl yon kopi konplè ak klè chak dokiman pou: ALVendors@law.nyc.gov epi y ap ba w lòt enstriksyon sou èske wi ou non afè w la kalifye pou yo remèt ou li, epi, si se sa, sou kijan pou w jwenn afè w la.
8. **Pou moun ki pa machann yo:** Lè w pare pou vin chèche afè w la, kontakte Erie Basin Auto Pound nan (718) 246-2031 pou konfime ou bezwen repran afè w la. Nan ka ra kote se pa la afè w la ye, tanpri kontakte pòs polis ki te ba w sitasyon an (li ekri sou sitasyon w lan) pou yo ba w plis èd.

*** Tanpri pran nòt, se ajans fòs de lòd ki te pran afè w la sèlman ki gen otorite pou li remèt ou l. ***

Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte Sant Èd OATH la (OATH Help Center) An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 AM pou 5 PM, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan Manhelpcenter@oath.nyc.gov.

Bronx
260 E.161st Street, 6th FL
Bronx, NY 10451

Brooklyn
9 Bond Street, 7th FL
Brooklyn, NY 11201

Manhattan
66 John Street, 10th FL
New York, NY 10038

Queens
31-00 47th Avenue, 3rd FL
Long Island City, NY 11101

Staten Island
350 St. Marks Place, Main FL
Staten Island, NY 10301